



Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA ADAMS, AK PARTNERSHIP FOR NEW YORK CITY LANSE KANPAY AKSYON SIVIK NAN TOUT VIL LA**

***Kanpay la selebre sa ki fè Vil New York gran epi li ekipe Nouyòkè yo pou yo montre lanmou yo lè yo enplike yo***

Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Eric Adams, ak Partnership for New York City jodi a lanse "We ♥ NYC," yon kanpay sivik pou montre fòs vil la epi mobilize Nouyòkè yo nan chak kominote pou ede asire ke New York rete pi gwo vil nan mond lan epi enspire rezijans Vil New York aprè pandemi an. Kanpay nan tout vil la pral demare ak yon selebrasyon Nouyòkè k ap fè yon diferans atravè sèvis kominotè epi yo pral idantifye opòtinite volontè yo ke tout moun ka kontribye ladan.

"Soti nan panorama anblematik li yo ak atizay ak kilti dinamik li yo pou rive nan biznis ak kuizin klas mondyal k ap pwospere li yo, Vil New York reprezante kèk nan pi bon bagay ke eta nou an gen pou ofri", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kanpay We ♥ NYC sa a pral ede kaptire enèji sa a epi prezève lespri vil la lè li ankouraje Nouyòkè ki gen tout orijin pou yo reyini ansanm, enplike yo, epi fè yon chanjman pozitif nan kominote pa yo."

**Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare,** "Vil sa a te simonte jou ki pi fènwa nan pandemi an akòz travay dezenterese Nouyòkè chak jou yo, epi si nou chak bay jis yon èdtan pa semèn nan yon aksyon sèvis, rezilta a pral pote transfòmasyon. Se poutèt sa mwen fyè pou m anonse lansman 'We ♥ NYC,' an patenarya ak Gouvènè Hochul ak Partnership for New York City (Patenarya pou Vil New York) Kanpay 'We ♥ NYC' mande tout moun ki renmen pi gwo vil nan mond lan pou montre li nan bay yon koutmen epi pwopaje lanmou sa a nan chak katye atravè tout senk minisipalite yo."

**Steven Swartz, Direktè Egzekitif Jeneral Hearst ak ko-prezidan sòtan Partnership for New York City, te deklare,** "Kalite espesyal New York la te toujou kapasite kominote divèsifye nou an pou travay ansanm, avèk konfyans ak ansanm objektif komen, pou rezoud pwoblèm ak navige chanjman. Gwo evantay òganizasyon k ap aliye pou sipòte kanpay We ♥ NYC la montre yon lòt fwa ankò ki jan divèsite vil nou an rann li fò."

**Prezidan Konsèy Mendèv Santral Vil NY (NYC Central Labor Council) la, AFL-CIO, Vincent Alvarez, te deklare,** "Konsèy Mendèv Santral Vil NY la, AFL-CIO fyè pou l

rantr nan kad gwo efò sa a pou asire Vil New York rete yon vil dinamik k ap grandi. Vil New York se kote nou travay. Vil New York se kote n ap viv epi leve fanmi nou. Nou renmen NYC epi moun k ap travay yo pral fè pati pa nou pou kontinye fè pi gwo vil sa nan mond lan."

Tèm kanpay la yo konsantre otou fason Nouyòkè yo ka ede amelyore vil la, priorize sekirite piblik la, sipò pou ti biznis yo, pran swen pak yo ak netwayaj dechè. Nan kad efò li pou ekipe rezidan yo pou yo mennen chanjman nan pwòp kominote pa yo, kanpay la pral enplike plizyè patenarya ak ajans piblik yo ak òganizasyon san bi likratif yo atravè vil la ki vize reyalize yon vil ki pi an sekirite, ki pi bon pou viv epi ki pi bon pou biznis yo. Aktivasyon ki planifye yo gen ladan:

- Evènman lansman Jounen Latè an patenarya ak Depatman Pak ak Lwazi (Department of Parks and Recreation) Vil New York ki vize pou angaje yon milyon Nouyòkè nan pran swen pak lokal yo
- Netwayaj Kominotè an patenarya ak Depatman Sanitasyon (Department of Sanitation) Vil New York atravè senk minisipalite yo
- Angajman piblik pou vote pou entèprèt MTA MUSIC (Music Under New York) ou pi renmen
- Pwomosyon pou ti biznis ak opòtinite pou sipòte antreprenè, tankou "Shop Black" ak yon konpetisyon pou idantifye pi bon atik meni restoran lokal yo ofri
- NYC Service (Sèvis NYC), yon gichè opòtinite inik ki gen volontè atravè vil la

Kanpay We ♥ NYC la dirije pa direktè egzekitif maketin Maryam Banikarim, Andrew Lerner, ak ekip pa yo nan [MaryamB](#), k ap travay avèk fondatè ajans piblisite, Grain Group, ak Graham Clifford. Gen yon varyete patnè kontribitè k ap bay sipò [isit la](#).

Pami òganizasyon patnè k ap patisipe nan kanpay la genyen 32BJ SEIU, Association for a Better New York (Asosyasyon pou yon Pi Bon New York), Breaking Ground, Brooklyn Public Library, Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens ak Staten Island Chambers of Commerce (Chanm Komès Staten Island), Building & Construction Trades Council of Greater New York (Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon nan Greater New York), Catholic Charities nan Achidyosèz New York, Church of the Heavenly Rest, The Citizens Committee for New York City, Downtown Brooklyn Partnership, Episcopal Charities, Hotel & Gaming Trades Council, League of Women Voters of the City of New York (Lig Elektè Fanm Vil New York), LISC New York, Midtown Community Court, New Visions for Public Schools, New York Building Congress, New York Cares, New York City Central Labor Council AFL-CIO, New-York Historical Society, New York Public Library, New York Urban League, NYC Hospitality Alliance, Open House New York, Queens Library, Tech:NYC, The Broadway League Inc., The City University of New York (CUNY), The Garment District BID, Times Square Alliance BID, ak UJA-Federation of New York.

Mak We ♥ NYC a se yon adaptasyon mak komèsyal nan konsepsyon Milton Glaser pou kanpay "I ♥ NY" la ki te lanse an 1977. Depatman Devlopman Ekonomik Eta New York la posede tou de mak yo, ki te rann adaptasyon an disponib gratis.

Konferans pou laprès jodi a te pwodui pa The Broadway League ak sipò Times Square Alliance. Li prezante yon pèfòmans pa Anna Uzele, yon star nan endistri mizik Broadway "**New York, New York**", ki gen ladann tit chan anblematik ki ekri pa John Kander ak Fred Ebb. Te gen tou Lucky Chops, yon ansanbl leton ki fè pati pwogram MTA Music Under New York, ki te pèfòme nan evènman lansman an tou.

Jounen an pral fini ak yon seremoni ekleraj ak Empire State Building ki pral klere flèch ki gen renome mondyal li nan yon batman kè wouj, ak yon kè We ♥ NYC wouj nan ma li a.

Lansman kanpay la prezante tou egzanp Nouyòkè k ap fè yon diferans epi k ap selebre sou sitwèb We ♥ NYC la, tankou Bobby Akumah ki soti nan Dare 2 Dream, John Wang ki soti nan [Queens Night Market](#), Catie Savage ki soti nan [Hell's Kitchen Litter Legion](#), Anthony ak Janique Edwards ki soti nan [Eat Okra](#), ak Sasha Gutiérrez ki soti nan [Opera Nextdoor](#).

Kanpay la sipòte pa kontribisyon plis pase 60 biznis ak moun, ki gen ladan Accenture, Advance / Condé Nast, AlleyCorp, Amazon, BFC Partners, Blunt Action, BXP, Charter Communications, Inc., Citi, Clear Channel Communications, Inc., Deanna Mulligan, CEO, Purposeful, Edelman, Ehrenkranz Partners, Empire State Realty Trust, Epicenter-NYC, Ernst & Young LLP, Fisher Brothers Foundation, General Atlantic Foundation, Google/YouTube, Hearst, Hess Corporation, IBM Corporation, Intersection, Jamestown and One Times Square, JCDcaux, KKR, KPMG US, Lee & Associates, Macy's, Madison Square Garden Entertainment Corp. and Madison Square Garden Sports Corp., Mastercard, Meta, Nasdaq, NBCUniversal, New York Life, Nina and Tim Zagat, Ogilvy, OUTFRONT Media Inc., Paramount, Pfizer, RXR, Salesforce, Shutterstock, Inc., Spotify, Sprinklr, Spyscape, Standard Industries, The CITY, The Daily Beast, The Georgetown Company, The Guardian Life Insurance Company of America, The John Gore Organization, The New York Stock Exchange, The New York Times Company, The Nicotra Group - Lois and Richard Nicotra, The Related Companies, L.P., The Travelers Companies, Inc., TikTok, Tishman Speyer Properties, Two Trees Management Co., U.S. News & World Report, United Airlines, Inc., Vornado Realty Trust, Vox Media, Wachtell, Lipton, Rosen & Katz, ak WPP, VMLY&R ak BCW.

**Ko-Prezidan Partnership for New York City a Albert Bourla, Prezidan & Direktè Egzekitif Jeneral Pfizer, te deklare,** "Vil New York jwi pi gwo konsantrasyon divès talan nan mond lan. Kanpay sa a gen entansyon kanalize enèji ak resous plizyè milyon Nouyòkè nan pwojè ki reyafime ke nou se vil ki pi an sekirite, ki pi pwòp, ki pi dinamik nan mond lan."

**Ko-Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Partnership for New York City a, Tishman Speyer Rob Speyer, te deklare,** "Nouyòkè yo se fòs motris ki dèyè siksè vil

nou an. Kanpay sa a selebre fòs nou yo epi li pral aktive moun ak biznis yo atravè senk minisipalite yo pou fè vil nou an vin pi bon toujou."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare,** "Sistèm transpò piblik la se eleman vital Vil New York epi tou li santral nan kilti vil la. Music Under New York se yon pwogram ki montre talan New York epi ki reflekte divèsite kliyan MTA yo. Nou kontan pou nou fè pati kanpay sa a, ki pral prezante yon nouvo vizaj nan kad pwogram MTA MUSIC nou an epi ki pral bay Nouyòkè yo yon opòtinite pou yo patisipe nan vote pou pèfòmè yo pi renmen yo. Se bèl bagay pou wè kijan Gouvènè a, Majistra a, ak Partnership for New York City ap mete tèt yo ansanm pou selebre divèsite ak talan ki fè yon vwayaj nan tren MTA vin yon eksperyans inik."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Nou kwè nan ekipe chak rezidan pou fè yon diferans pozitif nan katye pa yo. Lè nou sipòte ti biznis yo, sèvi kòm volontè ak òganizasyon kominotè yo, epi patisipe nan evènman lokal yo, nou tout ka jwe yon wòl nan bati yon avni ki pi briyan pou tèt nou ak vil nou an."

**Premye Majistra Adjwen Vil New York la, Sheena Wright, te deklare,** "Pi gwo fòs Vil New York la se kapasite moun li yo. Kanpay We ♥ NYC a ki gen espri sivik epi k ap dirije pa sitwayen pwofite lespri vil nou an epi li raple nou ke lè Nouyòkè yo reyini ansanm, pa gen anyen nou pa ka reyalize. Mwen vle bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul, Partnership for New York City, ak plizyè ajans vil ki te reyini ansanm pou selebre Vil Nouyòk."

**Majistra Adjwen pou Devlopman Ekonomik ak Mendèv Vil New York la, Maria Torres Springer te deklare,** "Depi mas 2020, nou te wè sa ki pi bon ap briye nan pèp nou — pwofesyonèl medikal ak lòt travayè esansyèl ki kenbe vil nou an vivan, vwazen k ap pataje ti aksyon jantiyès, atis ak pèfòmè k ap pote kreyativite yo nan lari nou yo, kominote yo k ap mete ansanm pou ede biznis lokal yo rete anvi, ak plis ankò. Se karaktè sa a ki defini rezistans Vil New York, Epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Partnership for New York City paske yo te lanse 'We ♥ NYC' pou enspire ak demontre lespri envensib New York la."

**Komisè Pak Vil New York la, Sue Donoghue, te deklare,** "Nou konnen Nouyòkè yo renmen pak yo, epi gras a Majistra Adams ak Partnership for New York City, nou kontan prezante nouvo opòtinite k ap kòmanse prentan sa a pou remèt ak pran swen 12,140 ekta tè espas ouvri ak 2.5 milyon pye bwa. Pak ak zòn natirèl nou yo ofri repi ak refij pou Nouyòkè yo rechaje ak rekonekte ak lanati, epi nou pare pou angaje tout moun pou bay yon men epi fè yon diferans."

**Komisè Depatman Asenisman Vil New York, Jessica Tisch, te deklare,** "Si w renmen vil sa a, si w pran swen vil sa a, si w kwè nan vil sa a, lè sa a ou gen yon wòl pou w jwe nan kenbe l pwòp. Avèk netwayaj kominotè nan katye atravè senk minisipalite yo, chak Nouyòkè gen yon opòtinite pou montre yo renmen Vil New York."

Mwen vle remèsye Patenarya pou Vil New York, Majistra Adams, ak Gouvènè Hochul paske yo fè kanpay sa a posib."

**Komisè Depatman Sèvis Ti Biznis Vil New York la, la Kevin D. Kim, te deklare,** "Renmen vil ou a vle di fè makèt nan vil ou a. Kanpay We ♥ NYC la se yon rapèl ke ti biznis yo se batman kè chak katye, epi ou ka kenbe yo vivan lè w fè yo vin premye kote ou achte! [nyc.gov/shopyourcity](http://nyc.gov/shopyourcity)."

**Komisè Biwo Medya ak Divètisman Majistra Vil New York La, Anne del Castillo, te deklare,** "Atizay ak amizman se kè ak nanm vil nou an ak rezon ki fè 'We ♥ NYC. Mèsi ak Partnership for New York City, Majistra Adams, ak Gouvènè Hochul paske nou lanse kanpay sa a ki angaje Nouyòkè yo epi selebre mizisyen Vil New York yo."

**Ofisye Angajman Anchèf Vil New York, Betsy MacLean, te deklare,** "Nou tout renmen Vil New York, nan tout konpleksite li, ak toutenpèfeksyon li yo — se kote nou rele lakay nou. Ki pi bon fason pou gaye lanmou sa pase bay tan nou, konpetans nou, ak efò nou bay vwazen nou yo, blòk nou yo, minisipalite nou yo, ak vil nou an? Nou kontan mete tèt ansanm ak Partnership for New York City pou renmen vil nou an atravè sèvis. Pa gen limit nan fason Nouyòkè yo ka pwopaje lanmou yo — ou ka plante flè nan pak lokal ou a, bay vwazen ki sanzabri manje, anseye anglè pou moun k ap chèche azil yo, konseye jèn Nouyòkè yo, elatriye. Yon gwo remèsiman pou Kathy Wylde pou lidèchip li ak pou Ofisye Sèvis an Chèf Laura Rog ak ekip Sèvis Vil New York dinamik li a paske yo ban nou tout opòtinite pou nou pwopaje lanmou Vil New York la."

**Biwo Sèvis an Chèf Vil New York la, Laura Rog, te deklare,** "Nan nwayo li, lanmou se sèvi youn lòt — angaje nan yon vizyon pataje ki se pi bon nan nou mem ak pi bon nan gwo vil nou an. Chak jou, gen yon opòtinite pou youn leve lòt epi konekte nan fason ki gen enpak, epi nou envite tout Nouyòkè yo sèvi nan '*Spread Love NYCcampaign*' (*Kanpay NYC pou Pwopaje Lanmou*). Sèvis NYC rekonesan pou konekte ak Partnership for New York City, ak tout patnè san bi likratif ak ajans vil nou yo, pou bay aksè, opòtinite ak resous enpòtan pou kominote yo reyini ansanm epi reponn ak apèl pou sèvi a."

**Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Lojman Vil New York la, Lisa Bova-Hiatt, te deklare,** "Atizay piblik reflète dinamisite epi rakonte istwa kominote nou yo epi nou kontan anpil paske, atravè yon pwosesis patisipatif, rezidan yo nan Morrisania Air Rights pral kapab desine ak enspire yon nouvo penti sou mi. Mèsi tout patnè nou yo ki te rann sa posib, jan mwen konnen penti sou mi sa a pral yon bèl ogmantasyon nan devlopman an."

**Prezidan 32BJ SEIU Manny Pastreich deklare,** "Nou pa ta ka plis eksite pou nou rejwenn gwoup travayè, biznis, ak lidè politik dinamik sa a pou mete aksan sou divèsite, enèji, ak fòs kiltirèl ki fè New York tounen yon vil ki vrèman mondyal. Manm 32BJ yo te pami travayè esansyèl kle nan premye liy batay vil la ak pandemi an epi tou yo te jwe yon wòl kle nan rekiperasyon ekonomik New York la. Nou pa ta ka plis fyè pou pote pèspektiv inik manm nou yo nan selebrasyon sivik, kiltirèl, ak dinamis ekonomik New

York."

**Rick Maroko, Prezidan, Hotel and Gaming Trades Council (Konsèy Metye Otelri ak Jwèt Aza), te deklare,** "Nou kontan pou nou rejwenn gwoup dinamik ki gen lidè gouvènmantal an ak lidè sivik sa a nan kad efò sa a pou ankouraje rekiperasyon New York. Travayè Otelri yo pa ta ka plis enpasyan ak kontan pou wè rezijans apre pandemi Vil New York la. Nou pran angajman pou nou fè sa ki nesesè pou wè chak aspè vil nou an ak tout kwen kominote nou yo retounen nan tout dinamik yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)